Ассаламу гIалайкум

# ЦIумадисезул гьаракь

Голос Цумады

2020 соналъул 28 февраль Рузман № 11 (7608) Газета бахъизе байбихьана 1937 соналъул 1 декабралда Багьа 8 гъурущ 12 +

ЦIУМАДА РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА - ЦУМАДИНСКАЯ РАЙОННАЯ ГАЗЕТА

Райадминистрациялда

## КIвар бугел суалал рорхана

**Переписалде хIадурлъиялъул, коррупциялде данде гьабулеб хIалтIул ва спортгун туризм цебетIеялъул суалал рорхана араб талат къоялъ райадминистрациялда**



Гьаб араб талат къоялъ райадминистрациялда тIобитIана районалъул учреждениябазулгун организациябазул нухмалъулел ва росдал администрациябазул бутIрул гIахьаллъараб данделъи.

Гьенир гIахьаллъана районалъул бетIер АнвархIажи Вечедов, районалъул прокурор Ильяс Вакилов ва райадминистрациялъул жавабиял хIалтIухъаби.

Данделъиялъул байбихьуда АнвархIажи Вечедовас хал гьабуна цереккун жинца къурал тIадкъаял тIураялъул. Гьединго гьес росдал администрациябазул нухмалъулезул пикру буссинабуна исана тIоритIизесел муниципалиял рищиязде. Нахъ тIамун течIого, жакъаго суалалъул хIалтIухъаби,-ян абуна МухIамадица.

КIудияб ВатIанияб рагъул тарих хисизабизе жигар бахъулел цо-цо пачалихъазул гьерсиял баянал нахъчIвай мурадалда гIолохъанаб гIелалда гьоркьоб гьабизе кколеб бичIчIи кьеялъул хIалтIул бицана КIудияб Бергьенлъиялъ 75 сон тIубаялде гьабулеб хIадурлъиялъул бицун кIалъазе вахъарав райадминистрациялъул бетIерасул заместитель МухIамадрасул Гагиевас.

Коррупциялде данде гьабулеб хIалтIул бицун кIалъазе вахъана прокурор Ильяс Вакилов. Гьес рихьизаруна гьеб рахъалъ бакIалъулал органазул хIалтIуль дандчIвалел гIоларел рахъал, бицана гьаризе кколел тадбиразул хIакъалъулъ ва гьаруна малъа-хъваял.



байбихьизе кколин абуна гьес рищиязде гьабулеб хIадурлъи,гурони, росдал поселениябазе ккезе бегьулин гIемер кваквалал.

Исана тIобитIизесеб ТIолгороссиялъул халкъалъул переписалде гьабулеб хIадурлъиялъул бицун кIалъазе вахъана пачалихъияб статистикияб хъулухъалъул районалда вугев специалист-эксперт МухIамад Малачдибиров.

Гьес баян гьабуна гIуцIадго перепись тIобитIиялъе районалда гьабулеб хIадурлъиялъул, гьеб рахъалъ росдал администрациябазул нухмалъулезда церечIарал масъалабазул, гьелгун гьабулеб цадахъаб хIалтIул.

-ХIалтIи унеб буго планалда рекъон, районалда гIуцIун буго кинабниги 54 хIисаб гьабиялъул участок, хIадурулел руго хIисаб-

Араб соналъ спорталъулгун туризмалъул ва гIолилазул ишазул отделалъ гьабураб хIалтIул хIисабкьейгун кIалъазе вахъарав ТIалхIат ГIабдулбасировас бицана районалда спортивияб рахъ цебетIеялъе гьабулеб хIалтIул. Баян гьабуна араб соналъ нилъер районалъул гIолилаз республикаялъул ва Россиялъул даражаялда эркенаб гугариялъул ва цогидалги спортивиял тадбиразда рихьизарурал хIасилал, бицана гIолилазда гьоркьоб патриотикиябгун рухIанияб тарбия кьеялъул рахъалъ гьабулеб хIалтIул, районалда туризм цебетIеялъе ругел ресазул ва гьеб рахъалъ церечIарал масъалабазул.

ДандчIвай

## Махщел тIасабищизе ахIана




26 февралда Агъвали маданияталъул кIалгIаялда тIобитIана районалъул школазул выпускникалгун Дагъистаналъул пачалихъияб техникияб университеталъул вакилзабазул данделъи. Гьеб рагьана районалъул бетIер АнвархIажи Вечедовас.

Данделъиялда гIахьаллъана техникиял гIелмабазул доктор, профессор ХIажишалапов ХIажимухIамад, экономикиял гIелмабазул кандидат, профессор МухIамаднаби Азаев, Дагъистаналъул халкъияв художник, республикаялъул жамгIияб палатаялъул член МухIамад МухIамадов, экономикиял гIелмабазул доктор, профессор Расул МухIамадов ва ДГТУялъул 1982 соналъул выпускник, Гьизляр районалъул депутатазул Собраниялъул председатель АхIмадпаша ГIамирилаев.

Данделъиялда гIалимзабаз бицана университеталъул гIелмияб базаялъул, гьенир хIалтIулел профессорзабазул, батIи-батIияб махщел бищизе цIалдохъабазул ругел ресазул. Гьез выпускникал ахIана жидер университеталде цIализе лъугьине.

ДандчIваялъул ахиралда районалъул бетIер АнвархIажи Вечедовас баркала загьир гьабуна университеталъул вакилзабазе выпускникалгун дандчIвазе заман батиялъухъ ва пайдаяб данделъи тIобитIизе районалде рачIиналъухъ.

Гьединго АнвархIажи Вечедовас бицана районалъе экономисталгун бакIал ралел специалистал-инженерал къваригIун рукIиналъул, ва божилъи гьабуна выпускниказ гьел махщелал тIасарищилилан.

**ГIали ШарипхIажиев**

## Ополченцазул сияхI гьабуна

21 февралалда МахIачхъалаялда тIобитIана Дагъистаналъул 1999 соналъул август-сентябрь моцIазда хъачагъаздаса Дагъистан эркен гьабиялъуль гIахьаллъарал ополченцазул сияхI гIуцIиялъул республикаялъулаб комиссиялъул данделъи.

Нилъер районалъул росабалъа рачIарал сияхIазда рекъон, гьел тунка- хIусиялъулъ гIахьаллъаразул къадар бахана 1870 чиясде. Гьеб къуна МВДялде, ФСБялде ва ДРялъул захIматалъулги социалияб цебетIеялъулги министерствоялде.

Гьениб сияхI гIуцIиялъул цереккунисел хIасилазул бицун кIалъай гьабуна Дагъистаналъул ХIукуматалъул председателасул тIоцевесев заместитель Анатолий Карибовас.

Гьединго рагъулал ветераназе удостоверениял кьеялъул хIакъалъулъ хIукуматалъул постановлениялъул проект хIадур гьабиялъул хIалтIул бицана ДРялъул захIматалъулги социалияб цебетIеялъулги министр Изумруд МухIудиноваль.

Республикаялъул комиссиялъул хIалтIул тIоцебесеб этапалъул хIасилада рекъон, гьеб сияхIалда гьоркьов вуго кинавниги 420 чи, гьездаса нилъер районалъул - 56 чи. Гьелги ккола Россиялъул бахIарчилъиялъул орденал ва медалал, Дагъистаналъул Пачалихъияб Советалъул хIурматиял грамотаби щварал.

Милициялъул хIалтIухъабигун цадахъ блокпостазда кIинусго туманкI - карабинги къун хьаравуллъиялда рукIарал ва Дагъистаналъул ХIукуматалъулгун Халкъияб Собраниялъул баркалаялъулал кагътал щварал ополченцал щай сияхIалде гьорлъе рачинчIелин абун дица гьикъидал, гьеб суалалъул кIиабилеб этапалда хал гьабизе бугилан жаваб гьабуна комиссиялъ.

**МухIамадрасул Гагиев,** райадминистрациялъул бетIерасул заместитель

**Терроризм - жамгІияталъе хІинкъи**

# АТКаялъул иргадулаб данделъи

Араб рузман къоялъ Лъондода росулъ тІобитІана терроризмалде дандечІараб районалъул комиссиялъул иргадулаб данделъи.

Гьеб бачана гьелъул председатель, районалъул бетІер АнвархІажи Вечедовас.

Гьенир гІахьаллъана районалъул прокурор Ильяс Вакилов, Лъондода, Хуштада, Сасикь ва цогидал росабазул бутІрул ва Лъондода росдал жамагІат.



Комиссиялъ гІенеккана районалда бугеб МВДялъул отделалъ 23 февралалъул ва 8-абилеб марталъул байрамал тІоритІулаго районалда хІинкъи гьечІолъи букІинабиялда сверухъ гьабулеб хІалтІул. Гьеб суалгун кІалъазе вахъарав МВДялъул районалда бугеб отделалъул начальникасул заманалъ ишал тІуралев Камал ГІабдулхІакъовас бицана байрамазул къояз районалда терроризмалъул ва цІаккеялъул хІинкъи гьечІолъи букІинабиялда сверухъ отделалъ гьабулеб хІалтІул.

2019 соналъ санazde рахинчІел лъималазда гьоркьоб хІалтІи гьабулеб районалъул комиссиялъ гьабураб хІалтІул хІисаб къуна райадминистрациялъул бетІерасул заместитель МухІамад ГІисаевас .

Комиссиялъ хал гьабурал суалазул ва гьел тІураялъул бицунаго МухІамад ГІисаевас абуна:

-Комиссиялъ жиндирго хІалтІул аслияб кІвар буссинабула экстремисталгун хурхен бугел хъизамазул лъималазда гьоркьоб гьабулеб профилактикияб хІалтІуде,-ян.

Терроризмалъулгун экстремизмалъул идеологиялде данде росулъ гьабулеб хІалтІул бицун кІалъазе вахъана Лъондода росдал администрациялъул бетІер МухІамад ХІамзатовас.

КІалъазе рахъарал районалъул прокурор Ильяс Вакиловас ва райдминистрациялъул отделалъул нухмалъулев МухІамад Коратовас рихьизаруна Лъондода росулъ терроризмалде данде гьарулел профилактикиял хІалтІулъ цо-цо гІоларел рахъал.

Терроризмалде дандечІараб районалъул ва республикаялъул комиссиябазул хІукмаби тІуразариялда сверухъ гьабулеб хІалтІул бицана АнвархІажи Вечедовас.

АТКаялъул данделъи лъугІун хадуб, араб соналъ росдал администрациялъ гьабураб хІалтІул хІисабкьейгун кІалъазе вахъана Лъондода росдал администрациялъул бетІер МухІамад ХІамзатов.

Гьесул хІалтІудаса разилъи загьир гьабуна росдал жамагІаталъги.

**ГІали ШарипхІажиев**

**Конкурс**

# Ниж машгъураб ВатІаналъул васал

25 февралалда Агъвали маданияталъул кІалгІаялъуб тІобитІана ВатІан цІунулесул къоялъул хІурматалда, «Ниж машгъураб ВатІаналъул васал» абураб патриотикияб кочІол конкурс. Гьенир гІахьаллъана ГьигьалЪ, Метрада, Эчеда, Хонохъ, ТІинди, Хуштада, ГьигьалъгІурухъ, Гьоркьгьаквари, ТІадгьаквари школазул ва Агъвали гимназиялъул цІалдохъаби.

Къецазулъ гІахьаллъарал цІалдохъабаз бихьизабуна кечІ ахІизе бугеб бажари ва махщел. Гьез ахІарал кучІдуз лъикІаб асар гьабичІев чи хутІун ватиларин ккола залалда. Жюриялъ хІакъикъияб къимат къуна цІалдохъабазул гьунаралъе.

1-6 классазда гьоркьоб тІоцебесеб бакІ ккуна Хонохъ школалъул цІалдохъан ПатІимат МухІамадовалъ, кІиабилеб бакІ щвана Эчеда школалъул цІалдохъан Сальма ГьитІвасовалъе, лъабабилеб бакІалде ккана ТІадгьаквари школалъул цІалдохъаби Мадина ГьазимухІамадовагун Аминат ГІабдусаламова ва ГьигьалъгІурухъ школалъул цІалдохъан Давуд Бурзиев.

7-11 классазда гьоркьоб тІоцебесеб бакІ щвана Хонохъ школалъул цІалдохъан Зугъра Зиявдиновалъе, кІиабилеб бакІ ккуна Агъвали гимназиялъул цІалдохъан ХІуснулхатимат ГІабдулхабировалъ, лъабабилеб бакІалде ккана Метрада школалъул цІалдохъаби ГІабдула МухІамадов ва ГІали ГІабдусаламов.

Бергьаразе ва призеразе къуна дипломал.

**Заур Бадрудинов**

# Гъазаваталъул наибзаби-имамзабазул кумекчагІи

ТІоцевесев имам ГъазимухІамадица гъазаваталъул байрахъ борхараб мехалдаго, гьесул хьолбохъ чІун гъалбацІал гІадин рагьана «алжаналде хьул лъун хвалчен борчарал, чармил ракІал ругел гучал бахІарзал». Гьезул гІемерисел рукІана гІалимзаби, хІафиззаби, кьадизаби, дибирзаби, халкъалда гьоркьоб цІикІкІараб къадру-къимат бугел гІадамал.

Имам ГъазимухІамадил божарал гІадамазда гьоркьор рехсола ГьоцІалъа ГІалискандибегасул вас ХІамзат, Шамил, Къуръан рекІехъе лъалев хІафиз Харахьиса ХІажигІали, гІалимчи ва гІакъил-ГІашилтІаса КъурбангІалил вас ГІабдулагь, Индиралдасан ТашавхІажи. Гьел имамас батІи-батІиял бакІазде гІурусазде данде гІадамал гъазаваталде данде рахъинаризе ритІулел рукІана, амма гьел жеги имамасул наибзабилъун рикІкІунел рукІинчІо.

КІиабилев имам ХІамзатбегица байбихьана батІи-батІиял бакІазда рагъулал ишазул бутІруллъун хасал гІадамал тІамизе.

Имам ХІамзатбегица наиблъиялъул иш тІад къаразда гьоркьор рукІана Генуса Шамил, Игьалиса СагІит, КІаратІаса ГьазиявдибиР, ТІелекьа КьебедмухІамад, Къарахъа ГІабдурахІман, Индиралдаса ТашавхІажи. Гьез нухмалъи гьабулеб букІана имамас жал ритІарал ракьазда рагъулалги жамгІиялги ишазе.

1834 соналда лъабабилев имамлъун вищарав Шамилица тІоцересел соназдаго байбихьана жиндир кверщаликь бугеб ракьалъул батІи-батІиял бакІазде наибзаби тІамизе.

Наибзабазул къадар батІи-батІияб заманалда батІи-батІияб букІана: 1840 соналда 4 наиб вукІун ватани, 1856 соналде гьезул къадар 33-ялде бахана.

Наибзабаз тІуразе кколел масъалаби баян гьарун рукІана 1846 соналъ ГІанди росулъ букІараб кІудияб мажлисалъ къабул гьабураб «Низамалда».

Шамилил имамат букІана рагъулабгун шаргІияб пачалихъ. Наибзабаз тІуралаан рагъул ишал, диниял ишазе бетІерлъи гьабулаан муфтияс. КІудияб росулъ вукІулаан КъадиВ, гьитІинаб росулъ дибир.

Халкъалъул ва диналъул эркенлъиялъе гІоло гъазаваталъул байрахъ борхизе изну къуна ва гьелъие квербакъана накъшубандияб тІарикъаталъул шайихзабаз, гьелъул рахъ ккуна нилъер машгъурал гІалимзабаз. ГІемерисел гьел рукІана дибирзаби, къадизаби, хІажизаби. Халкъалда гьоркьоб цІакъго тІадегІанаб къадру-къиматалъул гІалимзаби рукІана имамзабазул кваранаб кверлъун чІарал, ГьигьалЪа ХІажардибир, Хелекьуриса Шамхалдибир, Хуштадаса Салимдибир, СалтІаса ГІумардибир, ГІахъушиса Абакаркъади. Имамас наибзабилъун тІамуралдаса хадуб гьел рагъулал ишазде руссине ккана.

Гъазаваталъул соназда кинавниги чан наиб вукІаравин абураб суалалъе жаваб кьезе жакъа лъихъаниги бажарулаго. Гьезул хІакъалъулъ хъвай-хъвагІай гьабураб даптар ИмаматалДа букІинчІо, букІун батаниги гьеб кодобе щун гьечІо.

АхІулгохда, Веденов, Даргъов, Гъунив Шамил чІун вукІарал бакІал чІунтизаруна, цІа гъун рухІана, щущазаруна. Чамги ккана гьеб хъулухъалде тІамун кІиабилеб-лъабабилеб къоялдего гъазаватада наибзаби шагьидлъиялъул хІужжаби. Халкъалда гьоркьор машгъурлъизе, жидерго гьунар бихьизабизе заман гІечІо чамги багъадурасе. ЦохІо АхІулгохІда ккарал рагъазда къадаралде щвана 14 наиб.

Кавказалъул рагъул тІолабго тарихалъул цІехрехалъул хІасилалда ахирал соназ гІалимзабазе баянлъун буго кинавниги 220 наиб вукІаравлъи. Амма тІубанго баянлъун гьечІо гьел киназулго цІарал, фамилияби, гІумруялъул сонал, миллатмацІ.

ЦІарал баянлъаразда гьоркьор руго магІарулал, даргиял, лъарагІал, тумал, лезгиял, табасаранал, цІоралъул падарал, чачанал, черкесал. ГІемер тарихалъул тІахьазда баян кьолеб буго цо-цо жамагІаталъул наибзабилъун щал рукІаралали: Багвалазул наиб вукІана ГъазигъумекиСа Баширбег, гьелдаса хадув -Хелекьуриса Шамхалдибир, гьелдаса хадув-Хуштадаса Салимдибир, чІамалазул наибзабилъун рукІана хехго шагьидлъарал Гъаквариса МикагІил, ва ГьигьалЪа КъадилосмухІамад.

1846 соналда Шамилица байбихьана наибзабазул бакІалда мудирзаби тІамизе. Гьеб хъулухъ бащалъула дивизиялъул начальникасде.

Шамилица батІи-батІияб заманаялъ мудираллъун тІамун рукІун руго Гьонодаса МухІамад-Амин-Асиялав, Хунзахъа ХІажимурад, ТІелекьа КьебедмухІамад, Индиралдаса (Эндирей) ТашавхІажи, ГІавухъа Уллубий, ЦІамутариса ШугІайб, Шамилил вас ГъазимухІамад, Даниял-Султан, КІаратІаса ГъалбацІдибир, Инхоса СагІид, Гумбеталдаса Абакардибир, ГІахъушиса АбакархІажи, ГІорутІаса ХІажияв, Хунзахъа Ахьвердил МухІамад ва цогидали.

Хунзахъа ХІажимурадица мудирлъи гьабулеб букІана хьиндалазул, хелехъдерил, тІехнуцалазул, багвалазул, чІамалазул наиблъиязда.

1851 соналда гІурусазул рахъалде арав ХІажимурадица бицун буго Шамил имамасул боязул бутІруллъун 30 наиб вугилан.

Гьезул бищун вецарав 12 наиб гьеб заманалда жеги чІаго ругилан рехсон руго ХІажимурадица: Абакардибир, Буртунаялдаса Гъайирбег, Гиха, Талгик, Гьойтемир (чачанал), ГІандиса Лабазан, Гумбеталдаса КъадИ, Хьиндалазул МухІамад-Амин, ГІахъушиса АбакархІажи, Улиялдаса ГІалисултан, ЧІохъа ГІинкъав ХІажияв ва ТІелекьа КьебедмухІамадил вас МуртазагІали.

Черкесазул халкъалъул къеркьеялъе бетІерлъи гьабурав 1848 соналдаса 1859 соналде щвезегІан, Шамилица гьенив витІарав МухІамад-Амин вукІана бищунго ритІухъав наиб. Шамил асирлъуде восизегІан имамасе хилиплъи рекІелъ лъугьичІо гьесул, къеркьана имам разилъуледухъ, бихьизабуна кІудияб бахІарчилъи.

Шамил имамгун ахирисеб щулалъилъун лъугьараб Гъуниб магІарда рукІинчІо гІемерал соназ гьевгун цадахъ рагъарал гІезегІанго наибзабиги мудиралги. Гьел рукІана гІурус армиялъул аскаразул бетІераб командующий Барятинскиясул кверщаликье ун, гьезул чукъбилъун лъугьун. ЦІакъго захІматаб заманаялда жиндиеги, ватІаналъеги, халкъалъеги хилиплъарал наибзабаздехун бугеб рокьукълъи имамас загьир гьабуна гьел бищун инжитлъулеб хІалалъ. Шамилица Барятинскиясда лъазабуна гьел жинда рихьулеб бакІалдаса нахъе рачинчІони, дургун гара-чІвариялъе вачІинарилан.

Гъазигъумекиса ГІабдурахІманица «РакІалдащвеязул тІехьалда» хъвалеб буго: «Рагъуе гьира бугев гьалбацІ Аваристаналдаса ХІажимурад, ГІавухъа Гъайирбег, Хунзахъа Ахьвердил МухІамад, чачанав ШагІайб-гьел наибзаби чІвараЛдаса хадуб икъбалалъ мугъ рехана имамасдехун, дагъистаниязул ахІвал-хІал квешлъана, ва гьел, кире аниги, кир гІурусалгун дандчІваниги, нахъе къазе байбихьана».

Имамат биххиялъе рукІарал аслиял гІиллабазда цо-цо гІалимзабаз рикІкІунеб буго наибзаби хилиплъи, гьез жалго бечелъизе бахъараб хІаракат, гьезул хьантІлъи.

Амма имамзабигун ватІаналъе ва эркенлъиялъе гІоло рухІ бичарал кьварарал наибзабазул цІаралги цІадулаб хІаракатчилъиги тарихалъулъ кидаго хутІизе буго ва гьезул лъалкІ билизе биччазе бегьуларо хадусел гІелаз.

**«Кавказалъул гьалдолел къоязул къиса» абураб тІехьалдаса босараб.**

# Патриотизм на уроках родного языка

Наши родные языки - это самое дорогое для нас. Это богатство наследовали отцы и деды. Они донесли до нас родную речь, прозрачную, как горные ручейки, красочную, как весенние сады.

В целях выявления, поддержки и поощрения творчески работающих учителей родного языка каждый год на базе Агвалинской гимназии имени Кади Абакарова проводится районный этап республиканского конкурс «Лучший учитель родного языка». Открытие конкурса каждый год проводится в праздничной обстановке за право быть названными лучшими учителями родного языка.



Учителя имеют различный профессиональный педагогический стаж, но всех их объединяет любовь к детям, родному аварскому языку и своей профессии.

В ходе конкурса проявляют методическую и теоретическую подготовку учителей, глубокие знания по предмету и самое главное – любовь к профессии и детям.

В Агвалинской гимназии Цумадинского района РД все учителя родного языка являются лучшими. Один лучше другого. Они занимают первые и призовые места на олимпиадах и конкурсах, их дети на олимпиадах и различных конкурсах выходят победителями и призёрами в районе и республике. Проводят отличные показательные уроки в районе и республике

Одной из лучших в Агвалинской гимназии и в районе считают Зиявдинову Патимат Магомедовну. Она с удовольствием делится всем тем, чем владеет сама. Ученики её любят и уважают за простоту, доброту и талант.

Любовь к родному языку зародилась у неё сызмальства. Абуталиб Гафуров, Сулейман Стальский, Расул Гамзатов ещё в школьные годы были её кумирами. За 25 лет многое успела сделать на педагогическом поприще.

Трудно быть нынче учителем родного языка, когда некоторые ученики и их родители говорят, что он - родной язык нигде не нужен. Таких людей я считаю духовно бедными, морально неустойчивыми. Они предают не только свой родной язык, но и его культуру, традиции и обычаи, которую наши предки донесли до нас, как самое святое , что есть на свете.

Стихи Махмуда и Гамзатова так красиво не звучат как на аварском языке. Печаль и горе Омарла Батырая не почувствуешь так трогательно как на даргинском языке.

Родной язык - это сокровище нации. В это трудное для нации время Патимат Магомедовна старается довести до учащихся, что без любви к Родине и уважения к её истории, культуре невозможно быть патриотом. Вряд ли можно считать нравственным человека, не знающего истории своего народа, родного языка и родной литературы.

В ходе проведения обучающих диктантов, изложений Патимат Магомедовна предлагает учащимся определить основную идею текста, заостряет внимание на тех мыслях, чувствах, которые формируют патриотизм и гражданственность.

Любовь к родной природе-одно из проявлений любви к Родине. Учительница знакомит детей с поэтическим образом Родины. Воспитывая в детях любовь к Родине, она обращается к творчеству поэтов и писателей, создавших незабываемые картины родных лесов и полей, морей и рек.

**В селенье нашем не одно столетье**
**Петляет змейка маленькой реки.**
**Когда - то в ней плескавшие дети**
**Теперь уже седые старики.**

**А речка эта по лугам и склонам,**
**О времени забыв, на зависть нам**
**Летит, журчит, смеётся, как ребёнок,**
**Звенит, лопочет, скачет по камням.**

В воспитательной работе учительница использует фольклор, фразеологию и лексику родного языка. В фольклоре отражается культура народа: это быт, традиционные занятия, народные игры, праздники и обряды, пословицы, поговорки, загадки, песни. Устное народное творчество, по мнению учительницы, является опорой в деле патриотического воспитания.

Уроки родной литературы связывает Зиявдинова с историей народов Дагестана, связанные в основном с многочисленными нашествиями иноземных завоевателей.

Особенно памятны уроки, в которых дагестанцы оказывали яростное сопротивление врагу. Это эпическое лакское сказание «Парту Патима», лезгинская легенда «Каменный мальчик» и другие произведения устного народного творчества.

Патимат Магомедовна старается широко освещать тему Великой Отечественной войны, используя произведения дагестанских писателей и поэтов . Так например , Гамзата Цадасы «Пати», Расула Гамзатова «Солдаты России», в которых авторы используют подлинные случаи из истории Великой Отечественной войны. Подвиг восьмерых советских танкистов является не только патриотичным, но и интернациональным. Учительница сумела показать детям как это произведение проникнуто чувством патриотизма, гордостью за свою отчизну. После таких уроков учащиеся станут намного чище, добрее друг к другу и окружающим людям.

Современному обществу нужны патриоты, духовно развитые молодые люди, любящие свою родину, почитающие обычаи и традиции предков, любящие свою родную речь.

У Патимат Магомедовны нет никаких поощрений и наград. Чины людьми даются, а люди могут обмануться. (А.С. Грибоедов ).

Поздравляю Патимат Магомедовну с наступающим весенним праздником! Желаю ещё больших успехов в воспитании подрастающего поколения в духе патриотизма, крепкого здоровья.

**Х. Абдулмеджидова,** заслуженный учитель РД, Почётный работник сферы образования Российской Федерации.

## Исполнение бюджета администрации сельского поселения «село Тлондода» за 2019 г.

(тыс. руб.)

| № п/п | Наименование показателей | 2019год (сумма) | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| | | Назна-чено | Уточн. назнач. | Испол-нение | **% ис-полн.** |
| 1 | **2** | **3** | **4** | **5** | **6** |
| | **Собсвенные доходы:** | | | | |
| 1 | Налог на дох. физ. лиц | 17,6 | 17,6 | 17,8 | 101,1 |
| 2 | Земельный налог | 30,4 | 30,4 | 60,6 | 199,3 |
| 3 | Налог на имущества | 16,1 | 16,1 | 17,6 | 109,3 |
| | Прочие налоги(неналоговые) | 1,9 | 1,9 | | 0,0 |
| 4 | Сельхоз налог | 3,0 | 3,0 | 2,5 | 83,3 |
| | Итого собственные доходы | 69,0 | 69,0 | 98,5 | 142,8 |
| | Трансферты | | | | |
| 1 | Объем дотаций | 1512,9 | 1694,8 | 1694,8 | 100,0 |
| 2 | Субвен.регист.актов ЗАГСа | 2,3 | 2,3 | 2,3 | 100,0 |
| 3 | Субвен. ВУС | 87,0 | 87,0 | 87,0 | 100,0 |
| 4 | Стихия | | | | |
| | Итого | 1602,2 | 1784,1 | 1784,1 | 100,0 |
| | Всего доходов | 1671,2 | 1853,1 | 1882,6 | 101,6 |
| | | | | | |
| | Расходы: | | | | |
| 1 | Аппарат | **783,5** | **846,5** | **846,5** | 100,0 |
| | в т.ч. зарплата | 482,0 | 483,4 | 483,4 | 100,0 |
| 2 | Проведение выборов | | | | |
| 3 | Резервный фонд | | | | |
| 4 | ЗАГС | **2,3** | **2,3** | **2,3** | 100,0 |
| 5 | ВУС | 87,0 | 87,0 | **87,0** | 100,0 |
| | в т.ч. зарплата | 66,8 | 66,8 | 66,8 | 100,0 |
| 6 | ЖКХ | **531,0** | **527,8** | **527,8** | 100,0 |
| 7 | Молодёжная политика | 5,0 | | | 0,0 |
| 8 | Культура | **172,9** | **179,1** | **179,1** | 100,0 |
| | в т.ч. зарплата | 132,8 | 137,4 | 137,4 | 100,0 |
| 9 | ФК и спорт | **89,5** | **101,7** | **101,7** | 100,0 |
| | в т.ч. зарплата | **79,5** | **91,7** | **91,7** | 100,0 |
| | Всего расходов | 1671,2 | 1744,4 | 1744,4 | 100,0 |
| | в т.ч. зарплата | 681,6 | 687,6 | 687,6 | 100,0 |

**Глава сельского поселения «село Тлондода» М. Гамзатов**

## Исполнение бюджета администрации сельского поселения «сельсовет Шавинский» за 2019 г.

(тыс. руб.)

| **№ п/п** | **Наименование показателей** | **2019 год (сумма)** | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| | | **Назна-чено** | **Уточн. назнач.** | **Испол-нение** | **% ис-полн.** |
| | 2 | 3 | 4 | 5 | 6 |
| | Собсвенные доходы: | | | | |
| **1** | НДФЛ | 54,9 | 54,9 | 73,8 | 134,4 |
| **2** | Земельный налог | 4,6 | 4,6 | 0,0 | 0,0 |
| **3** | Налог на имущества | 63,9 | 63,9 | 69,0 | 108,0 |
| **4** | Сельхоз налог | 6,0 | 6,0 | 1,7 | 28,3 |
| **5** | Прочие налоговые доходы | 4,2 | 4,2 | | 0,0 |
| **6** | Не выясненные поступления | | | | |
| | Итого собственные доходы | 133,6 | 133,6 | 144,5 | 108,2 |
| | **Трансферты** | | | | |
| **1** | Объем дотаций | 3205,0 | 3255,0 | 3255,0 | 100,0 |
| **2** | Дотация на част. компен-ю | 23,6 | 51,9 | 51,9 | 100,0 |
| **3** | Субвен.регист.актов ЗАГСа | 9,8 | 9,8 | 9,8 | 100,0 |
| **4** | Субвен. ВУС | 80,0 | 80,0 | 80,0 | 100,0 |
| | **Итого** | 3318,4 | 3396,7 | 3396,7 | 100,0 |
| | **Всего доходов** | 3452,0 | 3530,3 | 3541,2 | 100,3 |
| | | | | | |
| | Расходы: | | | | |
| **1** | Аппарат | **1240,6** | **1177,1** | **1162,1** | 98,7 |
| | в т.ч. зарплата | 681,0 | 681,0 | 672,5 | 98,8 |
| 2 | Проведение выборов | | | | |
| **3** | Резервный фонд | | | | |
| **4** | ЗАГС | **9,8** | **9,8** | **9,8** | 100,0 |
| **5** | ВУС | **80,0** | **80,0** | **80,0** | 100,0 |
| | в т.ч. зарплата | 61,5 | 61,5 | 61,5 | 100,0 |
| **6** | ЖКХ | 1208,0 | 1414,3 | 1410,3 | 99,7 |
| **7** | Молодёжная политика | **25,0** | **25,0** | **25,0** | 100,0 |
| **8** | Культура | **838,6** | **856,6** | **855,7** | 99,9 |
| | в т.ч. зарплата | 530,0 | 548,0 | 547,2 | 99,9 |
| **9** | ФК и спорт | **50,0** | **50,0** | **50,0** | 100,0 |
| | | | | | |
| | **Всего расходов** | 3452,0 | 3612,8 | 3592,9 | 99,4 |
| | в т.ч. зарплата | 1272,5 | 1290,5 | 1281,2 | 99,3 |

**Глава сельского поселения «сельсовет Шавинский» Г. Гаджимагомедов**

# Конкурс на замещение вакантной должности

Решением Собрания депутатов сельского поселения «сельсовет Гадиринский» от 10.02.2020г. №1 на 25 марта 2020 года объявлен конкурс на замещение вакантной должности руководителя МКУ культуры сельского поселения «сельсовет Гадиринский» «Культурно-досуговый центр».

Приём документов от граждан, желающих принять участие в конкурсе будет осуществляться с момента опубликования настоящего объявления в срок до 17 марта 2020 годав администрации сельского поселения «сельсовет Гадиринский» в рабочие дни с 9-00 до 12-00 и с 13-00 до 17-00 часов.

Для участия в конкурсе кандидат представляет лично следующие документы:

-личное заявление на участие в конкурсе;

-автобиографию кандидата, написанную собственноручно и содержащую сведения о местах работы после начала трудовой деятельности, поощрениях и иных личных достижениях в процессе трудовой деятельности и иные сведения;

- собственноручно заполненную и подписанную анкету с приложением фотографий 4 х 5 - 3 шт;

- паспорт или заменяющий его документ;

- документы, подтверждающие профессиональное образование, стаж работы и квалификацию (при наличии):

- документ о профессиональном образовании;

- трудовая книжка или иной документ, подтверждающий трудовую (служебную) деятельность гражданина;

- сведения о доходах и расходах кандидата, его супруги (супруга), несовершеннолетних детей, принадлежащем им имуществе, вкладах в банках, ценных бумагах.

Также подаются копии всех документов, указанных в подпунктах 3 и 4.

Иные условия и порядок проведения конкурса, формы необходимых для участия в конкурсе документов утверждены решением Собрания депутатов сельского поселения «сельсовет Гадиринский» от 10.02.2020г. №1 «Об утверждении Положения о порядке проведения конкурса на замещение вакантной должностируководителя МКУ «КДЦ Гадиринский СДК».

Дополнительную информацию можно получить в отделе внутренней политики и взаимодействия с органами государственной власти администрации муниципального района «Цумадинский район».

**Глава сельского поселения «сельсовет Гадиринский» Р. Идрисов**

## Исполнение бюджета администрации сельского поселения «сельсовет Нижнехваршининский» за 2019 г.

(тыс. руб.)

| № п/п | Наименование показателей | 2019 год (сумма) | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| | | Назна-чено | Уточн. назнач. | Испол-нение | % ис-полн. |
| | 2 | 3 | 4 | 5 | 6 |
| | Собсвенные доходы: | | | | |
| 1 | НДФЛ | 2,2 | 2,2 | 2,5 | 113,6 |
| 2 | Земельный налог | 45,4 | 45,4 | 46,2 | 101,8 |
| 3 | Налог на имущества | 18,3 | 18,3 | 18,4 | 100,5 |
| 4 | Сельхоз налог | 0,3 | 0,3 | | 0,0 |
| 5 | Прочие налоговые доходы | 1,7 | 1,7 | | 0,0 |
| 6 | Не выясненные поступления | | | | |
| | Итого собственные доходы | 67,9 | 67,9 | 67,1 | 98,8 |
| | **Трансферты** | | | | |
| 1 | Объем дотаций | 1339,0 | 1763,8 | 1763,8 | 100,0 |
| 2 | Дотация на част. компен-ю | 5,9 | 13,0 | 13,0 | 100,0 |
| 3 | Субвен.регист.актов ЗАГСа | 3,2 | 3,2 | 3,2 | 100,0 |
| 4 | Субвен. ВУС | 83,0 | 83,0 | 83,0 | 100,0 |
| | **Итого** | 1431,1 | 1863,0 | 1863,0 | 100,0 |
| | **Всего доходов** | 1499,0 | 1930,9 | 1930,1 | 100,0 |
| | | | | | |
| | Расходы: | | | | |
| 1 | Аппарат | **1022,5** | **1165,6** | **1161,4** | 99,6 |
| | в т.ч. зарплата | 608,1 | 602,1 | 600,7 | 99,8 |
| 2 | Проведение выборов | | | | |
| 3 | Резервный фонд | | | | |
| 4 | ЗАГС | **3,2** | **3,2** | **3,2** | 100,0 |
| 5 | ВУС | **83,0** | **83,0** | **83,0** | 100,0 |
| | в т.ч. зарплата | 63,8 | 63,8 | 63,8 | 100,0 |
| 6 | ЖКХ | 105,0 | 390,2 | 377,4 | 96,7 |
| 7 | Молодёжная политика | | | | |
| 8 | Культура | **275,3** | **290,3** | **288,8** | 99,5 |
| | в т.ч. зарплата | 133,0 | 137,0 | 136,8 | 99,9 |
| 9 | ФК и спорт | **10,0** | **10,0** | **10,0** | 100,0 |
| | | | | | |
| | **Всего расходов** | 1499,0 | 1942,3 | 1923,8 | 99,0 |
| | в т.ч. зарплата | 804,9 | 802,9 | 801,3 | 99,8 |

**Глава сельского поселения «сельсовет Нижнехваршининский» М. Алиев**

## Исполнение бюджета администрации сельского поселения «село Сильди» за 2019г.

(тыс. руб.)

| № п/п | Наименование показателей | 2019 год (сумма) | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| | | Назна-чено | Уточн. назнач. | Испол-нение | % ис-полн. |
| 1 | 2 | 3 | 4 | 5 | 6 |
| | **Собсвенные доходы:** | | | | |
| 1 | Налог на дох. физ. лиц | 16,5 | 16,5 | 13,1 | 79,4 |
| 2 | Земельный налог | 46,0 | 46,0 | 46,0 | 100,0 |
| 3 | Налог на имущества | 9,6 | 9,6 | 9,6 | 100,0 |
| | Прочие налоги(неналоговые) | 0,9 | 0,9 | 0,9 | 100,0 |
| 4 | Сельхоз налог | 1,8 | 1,8 | 1,8 | 100,0 |
| | Итого собственные доходы | 74,8 | 74,8 | 71,4 | 95,5 |
| | **Трансферты** | | | | |
| 1 | Объем дотаций | 719,0 | 881,4 | 881,4 | 100,0 |
| 2 | Субвен.регист.актов ЗАГСа | 0,7 | 0,7 | 0,7 | 100,0 |
| 3 | Субвен. ВУС | 83,0 | 83,0 | 83,0 | 100,0 |
| 4 | Стихия | | | | |
| | **Итого** | 802,7 | 965,1 | 965,1 | 100,0 |
| | **Всего доходов** | 877,5 | 1039,9 | 1036,5 | 99,7 |
| | | | | | |
| | **Расходы:** | | | | |
| 1 | Аппарат | **771,6** | **818,1** | **818,1** | 100,0 |
| | в т.ч. зарплата | 463,5 | 434,9 | 434,9 | 100,0 |
| 2 | Проведение выборов | | | | |
| 3 | Резервный фонд | | | | |
| 4 | ЗАГС | **0,7** | **0,7** | **0,7** | 100,0 |
| 5 | ВУС | 83,0 | 83,0 | **83,0** | 100,0 |
| | в т.ч. зарплата | 64,0 | 63,6 | 63,6 | 100,0 |
| 6 | ЖКХ | **17,2** | **128,4** | **128,4** | 100,0 |
| 7 | Молодёжная политика | 0,0 | **0,0** | **0,0** | |
| 8 | Культура | **0,0** | **0,0** | **0,0** | |
| | в т.ч. зарплата | 0,0 | 0,0 | 0,0 | |
| 9 | ФК и спорт | **5,0** | **5,0** | **5,0** | 100,0 |
| | Стихия | | | | |
| | **Всего расходов** | 877,5 | 1035,2 | 1035,2 | 100,0 |
| | в т.ч. зарплата | 527,5 | 498,5 | 498,5 | 100,0 |

**Глава сельского поселения «село Сильди» А. Абдурахманов**

# Пачалихъиял программаби

Араб кIиго соналъ «100 школа» ва «150 школа» абурал пачалихъиял программабазда рекъон Хуштада, Хушет, ТIадгьаквари ва Лъондода школазда гьаруна капиталиял ремонтал.

Исанаги гьебго программаялда рекъон хIисабалде босун буго Гъоркьхъварщини, ТIиссиахикь школазда ва Агъвали гимназиялда капиталияб ремонт гьабизе.

Гьединго исана «СанагIатал шагьаразул шартIал» абураб федералияб программаялда рекъон ТIинди ва Гьигьалъ разе руго паркалъулал зонаби, «Дир Дагъистан-дир нухал» абураб программаялда рекъон ТIинди, Хуштада ва КIочIали росабалъ хьил тIезе буго.

Гьел ва цогидалги пачалихъиял программабазда рекъон ресал руго росабалъ хIалтIи гIуцIизе. Гьелъие тIоцебесеб иргаялда къваригIуна разесел бакIазе ракь ва бетIергьанлъиялъулал документал. Пайда босизе лъани, ресал гIемерал руго, амма гьелда т1ад хIалтIулел росабазул нухмалъулел дагьал гурони гьечIо.

## Шахматал

# Бергьенлъи цогидасе биччачIо



КIудияб Бергьенлъиялъ 75 сон тIубаялда бан 23 февралалда Агъвалиб тIобитIана шахматал хIаялъул рахъалъ районалъул чемпионат. Гьенир гIахьаллъарал Агъвали, КIванада, Гьигьалъ Гъоркьгьаквари, ТIиссиахикь росабалъа шахматистаз бихьизабуна лъикIаб хIай.

Бергьенлъи цогидасе биччачIого, исанаги районалъул чемпионлъун вахъана райадминистрациялъул росдал магIишаталъул отделалъул хIалтIухъан МухIамад МуртазагIалиев.

КIиабилеб бакI ккуна Гьигьалъ росдал школалъул мугIалим ХизрихIажи ХIабибовас ва лъабабилеб бакIалде ккана Агъвали гимназиялъул мугIалим Бадрудин МухIамадов.

Бергьарал ва призерал райадминистрациялъул спорталъулгун туризмалъул ва гIолилазул ишазул отделалъ кIодо гьаруна гIарцулал сайгъатаздалъун: тIоцебесеб бакI ккурасе кьуна ункъазарго гъурущ, кIиабилеб бак1алъухъ лъабазарго ва лъабабилеб бак1алъе кIиазарго гъурущ.

**Шамил Бадрудинов**

## Къокъго

# ХIабиб НурмухIамадов рейтингалда тIоцевесев

Дунялалдаго машгьурав Snerdog абураб интернет-порталалъул рейтингалда цIайиязул категориязухъ балагьичIого тIоцебесеб бакIалде вачIана нилъер ракьцояв речIчIухъан ХIабиб НурмухIамадов.

ЦIияб рейтингалда рекъон, гьелде щвезегIан тIоцебесеб бакIалда вукIарав Америкаялъул Цолъарал Штатаздаса спортсмен Жон Женс ккана кIиабилелде. Лъабабилеб бакIалда вуго эркенаб гугариялъул рахъалъ Олимпиялъул чемпион UFCалъул речIчIухъан Генри Сехуро. КватIичIого ХIабибгун дандчIвазе кколев Тони Фергюсон гьеб рейтингалда вуго ичIабилеб бакIалда.

ХIабибил эмен ГIабдулманап НурмухIамадовас бицухъе ХIабибие унго-унгояб хIинкъи Тони Фергюсонидасан гьечIо, ва киданиги букIинчIо.

## Администрация муниципального района «Цумадинский район»

# ПОСТАНОВЛЕНИЕ №27

**от 17 февраля 2020 г.**

**Об утверждении Устава муниципального казенного учреждения «Управление культуры»**

В соответствии с постановлением администрации МР «Цумадинский район» от 04.10.2011 г. №92 « Об утверждении Порядка создания, реорганизации и ликвидации районных муниципальных учреждений, а также утверждения уставов районных муниципальных учреждений и внесения в них изменений», - **постановляет:**

1.Утвердить Устав муниципального казенного учреждения «Управление культуры» администрации МР «Цумадинский район».

2.Разрешить изготовить печать и штамп с наименованием муниципального казенного учреждения «Управление культуры» администрации МР «Цумадинский район».

3.Опубликовать настоящее постановление в местной газете «Голос Цумады» и разместить на официальном сайте администрации МР «Цумадинский район» в сети Интернет

**И.о. главы муниципального района М.Исаев**

## МФЦ

Уважаемые жители района!

В центре «Мои документы» вы можете подать заявление на замену водительского удостоверения в связи с утерей, истечением срока действия или в связи с его порчей.

Для оформления услуги при себе необходимо иметь паспорт, старое водительское удостоверение (при наличии) и медицинскую справку.

Стоимость госпошлины - 2000 рублей.

Первичное получение водительского удостоверения осуществляется в МРЭО ГИБДД

Дополнительная информация по телефону:
8 (928) 533-72-84.

БетIерав редактор
Малачдибиров
ГIубайдула СагIадулаевич
2-52-44

Жавабияй секретарь
Залимханова
Хадижат МухIамадовна
2-52-92

Редакциялъул
(издателасул) адрес: 368900
Дагъистан Республика,
ЦIумада район, Кьенгьара росу
Заводалъул къватI, 4

«ЦIумадисезул гьаракь»
газета гIуцIарал:
«ЦIумада район» муниципалияб
районалъул администрация

Газета къватIибе биччана
«Издательский дом «Дагестан»
ГАУялъул типографиялда.
Адрес: 367018,
МахIачхъала шагьар,
Насрудиновасул проспект, I «А»

Тираж -1666
Газеталъул индекс:
51377 (бащдаб лъагIалие)
63302 (лъагIалие)

Макъалабазда рехсарал
хIужабазул, тарихазул балъголъи
гьорлъ бугел ва цогидалги баяназул
жаваб авторас кьола.

Газета зарегистрирована
Управлением Роскомнадзора
по Республике Дагестан.
ПИ №ТУ05-00434
от 15 июля 2019 г.

Адрес электронной почты
GoIostsumady@maiI.ru